- Уф-м Щыхуэм и хуитыныгъэхэр зыхьумэжкIэ и уполномоченнэм я щыкьлыкьуэр зэрагъэувэр щыщ Урысейм мыхьэнэщхэу дыдэ иIэу щрагъэкIуэкI демократие зэхъэщыныгъэхэм я Iэужьхэм ящыщу. Iэ зэгъэзэжьрамкIэ щыIэм и хуитыныгъэхэм кьащхьэщыкьи нэгъуэщIкIэ. Нэхъыщхьэу дыз зэрызэщхьэщыкIыр кьащхьэщыжьным и пIэкIэ мис а нэгъуэщIхэм я зэранкIэ щыхуэхэм я хуитыныгъэхэу кьыз зэпаудаэхэр зэфIэгъэзэуэжьным дыз зэрыщIэбэныщ. Властхэм кьытрамыкьуэзэрэ щхьэкIэ федеральнэ конституцэ законым Уполномоченнэм и кьалэныр щхьэхуэ ящIащ. Ар нэхъ ирагъэкIуэн кьулыкьуэщIэхуэхэмэ я унафэ щIэткъым.

Абы кьыдэжьуэ Уполномоченнэм щыхуэхэмрэ властымрэ зэгъэщIэн. Зэгурыгъэзэуэн си мурадщ сэ, псальэм и хьэтыркIэ, Бологтэнэ этым кьыщыхуахэм яужькIэ сыхьэзырт оппозицэмрэ кьэралым и унафэщIхэмрэ яку дэлэлу сыдзуэжьну. Ди жагъуэ зэрыхьэщIи, псэнякъэмтIри хуэхьэзыртхэм зэхуэдэныхьным.

- Уэ жыпIахэм кьыкIрэ ди щыхуэхэр кьэралым щыхьэмэн хуейуэ?

- Ди щыхуэхэм я закъуэжьым. Дунейм зы кьэралуэхуэкIи щыIэжьым дэтхэнэ и щыхуэмэ и хуитыныгъэхэр нэгъэсауэ кьызэригъэпэщыныжкIэ щэсыпIэ иKи кьызэфIыну. Кьэралыр гугъуу зэхэлIащ, хабзэхээри псомэ ятIьэхэсфыркьым. Абы кьыхэжьIыу щыуагъэхэр яIащIэмкIэ Iэмал иIэкъым. Араш ящэ омбудсменхэр XIX лIэщIыгъуэм и пэщIдзэм кьежьэжьащ кьызыхэкIар. Абыхэм я кьалэн нэхьыщхьэт кьэралIуэхущапlэхэм я лэжьыгъэм кIэльыплIыну, щыхуэхэр залымыгъэм щахъумэну. Апхуэдэ кьалэнэр нобэр кьыдэсми я пщэ дэльщ.

- Омбудсменыр ди деж уадэмрэ сыджьымрэ я кум щыдэлъу кьыщIокI. Абы кьыхэкIыу мыпхуэдэ упщIэ кьыкьуокI: и лэжьыгъэм пэльэщыфын щхьэкIэ Уполномоченнэм сыт хуэдэ хьэл хэльын хуей?

- Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ мы Iэнатlэм си япэкIэ пэрытахэу Ковалёв Сергейрэ Миронов Олегрэ ди Iуэхущапlэр зэрфIэувэн папщIэ хуэдэ зэрызэфIагъэкIар.

Ди деж Уполномоченнэм и кьалэнэр зыщытещIыхьар Урысей Федерацэм и Конституцэмрэ законодательствэмрэщ. Апхуэдизу, мыхьэнэщхэу зиIэщи, захуагъэмрэ напэмрэ тещIыхьыжу щIэлъхьэ и хуитыныгъэхэр ихьумэнырщ. Абы кьыхэкIыу Уполномоченнэм щIыхуэхэм я хуитыныгъэхэр ихьумэн и лъэныкъуэкIэ захуагъэм тетыну кьэралыр кьыхуириджан хуэм нэхъу кьуэдз. Уеблэмэ, хабзэр ирагъэщIэу фэ щытетхэм щыгъун.

Уполномоченнэм псом япэу кьигъэсэбэпыр езым и щхьэм кьыхуащI пщIэрщ. Абы зы унафи ищIырыкьым, Мыбдеж мыхьэнэщхэу щиIэщ кьыхуащI пщIэр зыхуэдизым. Мис абы тещIыхьащ бзэгъэпэщ зэфIэкIыр зыхуэдизри, кьыхилъхьэхэр властым кьыльытэнри.

- Сыт хуэдэ IуэхуэзэкъэкIэ нэхъыбэрэ щыхуэхэм зыкьыхуагъэзэрэ Уполномоченнэм? Абыхэм я тхьэусыхафэхэм нужь ильэсхэм зыгуэркIэ захьужкуэ пхуэдыIуну?

- Цыхуэм и хуитыныгъэхэм я щытыкIэм мы зэманым зыкьомкIэ арэзы дыкьыщыкрыкьым. Ауэ абы дигъэпIейтеищэн хуейкьым: хабзэрылажьэ кьэралрэ граждан жылагъуэрэ зэтебухуэжьащ гугъущ икIи ар щIэхьу кьохьуэлIэрщ. Сыт цIыхуэхэр пыухькIауэ зыгъэтэзавэр? Мылткум, щIым, псэуныгъэм, дзэхэм, ветеранхэм, инвалидхэуэхэм, узынщагъэм, унагъуэм егъэщIылIа Iуэхуэхэрщ. Ильэс кьэс дэ тхьэусыхафэ мин 24 - 26-рэ хуэдизэ кьытIэрохьэ. Мы гъэм нэхъыбэрэ зыкьыстхуагъазэ хуущ цIыхуэм пщIэнэщу щIэнкIэ зригъэгъуэтыныкIэ иIэ хуитыныгъэм, ЖКХ-м и Iэнатlэм уасэхэзыкIэ зэрыщIрагъэлейм текуэдуэу.

- Уполномоченнэр сыткIэ цIыхуэхэм ядэIэпыкъуфынущ? ЦIыхуэхэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжу сыт абы пщIэфынур?

- Зэнущ ухыкIэнщи, сэ ешьм зыри тезгъэкIыркьым и кьулыкьум, судми естыркьым. Уполномоченнэу щыт сэ зэконым хуит сеIэ судым и унафэу ящыз зыгъуэтам и тэмэмагъэр кьапщытэну прокуратурэм е судым зыхьэзгъэзэну. Ауэ сэ сыхуиткъым суд Iуэхум сыхэтыну, псальэм и хьэтыркIэ, абы зыгуэр кьыщыгъэувыну. Абы кьыхэкIыу сызыхэплъэр судым нэмысэ е абы унафэ зытрищIыхьа Iуэхуэрщ. Суд унафэр кIэухыу щытмэ, икIи абы кьару игъэтамэ, хабзэр кьыхэзгъэзэну тхьэусыхафэм хьэкъ кьыщищIэну. Суд нэхьыщхьэми Конституцэ суд

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Лъэпкъым и нэщэнэ нэхъыщхьэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и жэрдэмкIэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыналъэм щрегъэжIауэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо эпреуэ-фестивалыр. Абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ егъэджэныгъэ-гъэсныгъэм кьыхьхьэ Iэмалыщ Iэхэм тету анэдэлъхубзэр егъэджыныкмкIэ бгъэдыхьэкIэщIэхэр къэгъэнэхуэныр, Iэзагъ ин яхэлъу ахэр эи пэжыгъэм хэушIыпIэр курыт школхэр, сабий Iуэхуущ Iапх эхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр гъэпсэжныр, абы-хэм я зэфIэкIыкIэ ящыгъэгъуэзэныр. Фестиваль-зэпеуэм и зи чэзу Iыхьэм иджыблагъэ щыпащащ Аруан куейм хыхьэ Черная Речкэ кьуажэм дэт курыт школым. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ республикэм и егъэджэн Iэпажэмрэ зыкъэт къэпщытакIуэ гупыр ирагъэблагъат еджапIэм. Шыз эхуэса Iуэхум и екIуэкIыкIэнум кIэщIу тепсэлыхьа нэужь, егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ фестивалым хуагъэхьэзыра лэжьыгъэрягъэлъэгъуащ.

ШКОЛЫМ щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм кьыщыщIидзэр пэщIэдзэ классхэрщ. Апхуэдэ яп лъэбакьуэрщ щыхъуащ 3-нэ классым. Дерсыр иригъэкIуэжащ егъэджакIуэ гумыэгагъэ Дол Iэминат. «Си анэбзэр согъэбзэрабзэ» зыфIащащ дерсым щызэпкьрахащ Бицу Анатолэ и «Мамэ» уэср.

Ещанэ классым щеджэ щыкIуэхэм я анэхэм тращыкIа сурэтхэмкIэ бгьныр ягъэщIэрэщIат, гъащIэм нэхъ лъапIэу щабж анэм хуатха уэсэ едзыгъуэ щыкIуэхэм кьеджащ.

Дерсым лъабжьэ хуэхъуа «Мамэ» уэсэм удихьхьу Дадэ Рузанэ кьеджа нэужь, едзыгъуэкIэ зэпкьрахыуэ псалъащхьэ хуащащ, и гупсысэ нэхъыщхьэр ягъэбелджылащ. Уэсэм кьытрагъазэрэ еджа нэужь, абы Бицу Анатолэ щIилъхьа гупсысэр гугъу демыхьу кьаIуэтащ; анэм хуэдэ зэрыщымыIэр, абы и Iуэхур дэгъэспыщIэн, хуэсакъын, и гур хъумэн зэрыхуейр.

Методикэ и лъэныкъуэкIэ тэмэму кьаIэзэгъэща дерсым егъэджакIуэм кьыщыщIэупщакъым «зыгъэпсэхугъуэ дакьикьэр». Iэминат и гъэсэн щыкIуэм ребусэм щыгъэпщIуа псалъэхэр кьахутащ, анэм теуха уэрэд щыкIу зэдыжаIащ.

Адэкъэ егъэджакIуэм Iэзэу зэрилъытащ щыхур анэм зэрыхуущыт щыкIэр, лъагъуныгъэр, анэдэлъхубзэр. Дэтхэнэ зыми и бзэм хунIэ лъагъуныгъэр, абы щхьэ щIэр анэм и бек кьыщожь. Зи бзэ зэзымыпсэщыкIи и лъэпкъри игъэпэжыркъым. Анэдэлъхубзэр зыгъэпудын, Iумпэм зыщIыкIи анэрэ егъэпуд. Анэм кьыбдилъуа бзэр анэм хуэдэури лъапIэщ. А тIуми щыхуэм и кьежьапIэу зэрыщыстыр кьыщысыщ усэхэр адыгэбзэкIэ, тырку бзэкIэ, урысыбзэкIэ егъэкIуэ щыкIуэхэм ягъэIуащ. Мы дерсым и кIуэцIкIэ анэм теуха псалъэжьхэр кьащIэжащ, щыхуэбзым ехьэлIауэ адыгэ хабзэм хэт Iуэхугъуэхэм щыщхэм тепсэлъыхьащ, я къуажэм кьыдэжкIа щыхуэбз щыщIыкIу Алий и фэепль щIищIам и щхьэусыгъуэр кьаэзэрыгъуIуэм ехьэлIауэ кьыжаIащ «Псэр щэн, напэ кьэщIэху» псалъэжьым кьиныр, напэр лIэщыгъуэ бжыгъэхэм кьапкрыкIа, гужьеипIэми кIуэдыпIэми адыгэр кьиэшыа лъэпкъ фIыгъуэзэ зэрыщытыр.

Дерсым кьышIэта Iуэхугъуэхэр нэрылъагъу зыщI презентацэ Iэкlуэльакlуэу зэхалъхьат. «ЩIыху напэм» и тепльэгъуэхэр щыщыгъэльэгъуа сурэтхэр художник Iэжьыгъэхэм кьааэрыкIэрыкъу щыIэтэжьым. Апхуэдэу къэгъэльэгъуа хъуащ предметхэм яку дэдэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ егъэджакIуэм Iэмал зыбжанэ кьыхэзыгъэсэбпар. Дерсым зыщытепсэлыхьа Iуэхугъуэрыкlуэм и пIэм фитанэ, сытыт фэ фщIэнур? ДыщрихьэлIэу пIэрэ, уд теплъэ ямыIэми, апхуэдэ щыху лейзехьэхэм зи гъащIэм?» ЕджакIуэхэм я жэуапхэм лъабжьэ тэмэму кьыз эгъэпэща дерсым егъэджакIуэм кьыщыщIэупщакъым «зыгъэпсэхугъуэ дакьикьэр». Iэминат и гъэсэн щыкIуэм ребусэм щыгъэпщIуа псалъэхэр кьахутащ, анэм теуха уэрэд щыкIу зэдыжаIащ.

Адэкъэ егъэджакIуэм Iэзэу зэрилъытащ щыхур анэм зэрыхуущыт щыкIэр, лъагъуныгъэр, анэдэлъхубзэр. Дэтхэнэ зыми и бзэм хунIэ лъагъуныгъэр, абы щхьэ щIэр анэм и бек кьыщожь. Зи бзэ зэзымыпсэщыкIи и лъэпкъри игъэпэжыркъым. Анэдэлъхубзэр зыгъэпудын, Iумпэм зыщIыкIи анэрэ егъэпуд. Анэм кьыбдилъуа бзэр анэм хуэдэури лъапIэщ. А тIуми щыхуэм и кьежьапIэу зэрыщытыр кьыщысыщ усэхэр адыгэбзэкIэ, тырку бзэкIэ, урысыбзэкIэ егъэкIуэ щыкIуэхэм ягъэIуащ. Мы дерсым и кIуэцIкIэ анэм теуха псалъэжьхэр кьащIэжащ, щыхубзым ехьэлIауэ адыгэ хабзэм хэт Iуэхугъуэхэм щыщхэм тепсэлъыхьащ, я къуажэм кьыдэжкIа щыхуэбз щыщIыкIу Алий и фэепль щIищIам и щхьэусыгъуэр кьаэзэрыгъуIуэм ехьэлIауэ кьыжаIащ «Псэр щэн, напэ кьэщIэху» псалъэжьым кьиныр, напэр лIэщыгъуэ бжыгъэхэм кьапкрыкIа, гужьеипIэми кIуэдыпIэми адыгэр кьиэшыа лъэпкъ фIыгъуэзэ зэрыщытыр.

Дерсым кьышIэта Iуэхугъуэхэр нэрылъагъу зыщI презентацэ Iэкlуэльакlуэу зэхалъхьат. «ЩIыху напэм» и тепльэгъуэхэр щыщыгъэльэгъуа сурэтхэр художник Iэжьыгъэхэм кьааэрыкIэрыкъу щыIэтэжьым. Апхуэдэу къэгъэльэгъуа хъуащ предметхэм яку дэдэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ егъэджакIуэм Iэмал зыбжанэ кьыхэзыгъэсэбпар. Дерсым зыщытепсэлыхьа Iуэхугъуэрыкlуэм и пIэм фитанэ, сытыт фэ фщIэнур? ДыщрихьэлIэу пIэрэ, уд теплъэ ямыIэми, апхуэдэ щыху лейзехьэхэм зи гъащIэм?» ЕджакIуэм я жэуапхэм я къуажэм щыщ Iэмал зыбжанэ зэрыщыгъэльэгъуа дерсым мураду зыщыхуагъэувыжар кьайхьулIауэ кьэпльытэ хьунущ. Псом хуэмыдэу, Шурдым Анзор адыгэбзэмкIэ и щIэныгъэр зэрыкуугр кьэпщытакIуэхэм гъэщIэгъуэн ящыхьуащ.

«Эльбрус тельыджэ!» Арат и темэр 11-нэ классым щекIуэкIа урок зэIуакъ. Географиер езыгъэдж Псэун Светланэ лъэпкъ компонентыр и лэжьыгъэм кьыззэрыщигъэсэбэпыр кьыщигъэльэгъуащ мы дерсым. Дыззэрыгушхуэ Iуащхьэмахуэ бгым теухуауэ еджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхьуэныж кьыдэкIуэу, ахэр хэкупсэу гъэсэныр хуэгъэзэа кьаIэни зыхуигъэувыжат Светланэ. Дерсым Iэкlуэльакlуэу щызэхэхуэнат географиери, тхыдэри, Iуэрыlуатэри, усыгъэри. Iуащхьэмахуэ нэхъыфIу кьацIыхун папщIэ ныбжьыщIэхэм «кьахуеблэгъащ» яп дыдэ абы и щыгум дакIа адыгэлI Хьэшыр Чылар. Хьэщэ ЛъапIэм еджакIуэ цIыкIухэр «иришэжьащ» Iуащхьэмахуэ яригъэцIыхуну. Япэу ахэр кьыщыгъэтеувыIар а кьурышъ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэреджэн кьащIэныт. Iуащхьэмахуэ и фIэщыгъэ псори, кьапщтэмэ, 40 мэхъу. Абы хэм ящыщ зыбжанэр ягу кьагъэкIыжащ. 2008 гъэм «Урысейм и тельыджэу 7» проектым щытепсэлъахэ ди Iуащхьэмахуэ зэрахэтэри, абы и щыгу дыкьуакьуэр ди республикэм и ныпым кьыззэрыщыгъэлъэгъуэри кьаIуащ.

- Iуащхьэмахуэ и щыгум япэу джлар сэращ, - кьажриIэрт Хьэшыр Чылар и ролыр зыгъэзащIэ ныбжьыщIэм. Икли, ар кьыззэрыхьуам и тхыдэр ягу кьигъэкIыжащ. Удихьэхыу екIуэкIа дерсым зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм хуэкIуэ усэ зыбжанэ щыжаIащ урысыбзэкIи адыгэбзэкIи, «Эльбрус» уэрэдри дахэу ягъэзэщIащ. ЗыхуаГъэуэ выжа кьалэнхэр кьайхьулIэн папщIэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ абы хуэкIуаIащ егъэджакIуэр. Псоми гъэщIэгъуэн ящыхьуауэ екIуэкIа дерсым еджакIуэхэм щIэ куэд кьыщIахауэ жыпIэ хьунущ.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми ещан и нэмыс, и хабзэ, и лъэпкъым ехьэлIа махуэ лъапIэхэр иIэжщ. Инджылзыбзэр езыгъэдж Медалы Светланэ утыку ирихьа дерсым щыхуэзэфIэкIащ хамэ кьэрал лъэпкъхэмрэ адыгэхэмрэ я хабзэхэм зэщхьу узыщIрихьлIэ Iуэхугъуэхэр гъэбелджылыным. Абы папщIэ иджырей технологиерэ Iэкlуэльакlуэу кьагъэсэбэпурэ, 8-нэ классым и еджакIуэ цIыкIухэр хэту кьызэрагъэпэща «телемост» жьыуаIэм хуэдэкIэ зи гугъу сщIа хабзэхэм инджылзыбзэкIи адыгэбзэкIи тепсэлъыхьахэщ. Псалъэм папщIэ, ильэсыщIэм ажэгъафэм унэ-унэкIэ кьиклIуэху у адыгэхэм я хабзэу щытам хуэнду инджылзыхэм я IэщI. Апхуэдэу ныбжьыщIэ цIыкIухэм кьащIащ ди лъэпкъым бжьыхьэм гъавэр кьрахьэлIэжа нэужь кIуэ тхьэпшIэу хуэдэ Америкэм щыпсэуэхэми зэраIэр. УмыгъэщIэгъуэн пхуэзфIэкIынтэкъым еджакIуэхэм инджылзыбзэм хуэщэрыуэу зэрырипсалъэр. ЕгъэджакIуэмрэ и гъэсэнхэмрэ яку дэлъ зэхущытыкIэ хьэлэмэтыр нэрылъагъу щыхъуащ а зы дерсым.

Медалым кьиIэта темэм пызыщIэ хуэдэт кьыкIэльыкIуэу кьэпщытакIуэхэм я пащхьэ щагъэльэгъуа дерсыр. Урысыбзэмрэ литературэмрэ езыгъэдж Лъэмытхъэщ Зурьятрэ 6-нэ классым и еджакIуэ цIыкIухэмрэ «Европей лъэпкъхэм я усэхэм адыгэбзэкIэ зэщыгъэгъуэзэн» дерсым Iэзагъ хэлъу ди анэдэлъхубзэкIэ кьышеджащ хамэ кьэрал усакIуэхэм я тхыгъэхэу Нало Зауррэ Ацкъан Русланрэ зэрадзэкIаехэм. Лъэпкъхэм я зэхуакъу дэлъынхуей зэныбжькъэгъуГъэ гъэбыдэным хуэгъэза лъэкьыгъэр мы еджапIэм зэрыщекIуэкIыр зэрыпльагъу щыхъуащ мы урокым. ЕджакIуэ цIыкIуэм бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ уэрэд ягъэзэщIащ, усэхэм я кьеджащ.

Егъэджакlуэм Iэзагъыу хэль куэд наIуэ кьыщыхъуащ мы махуэм къэпщытакIуэ гупым я нэгу щIэкIа урокхэм. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ школым щезыгъэдж, лэжьыгъэкIэ куэдым я жэрдэм щIакIуэхэу Шыгуэ Фатимэ, Бжьыхьэ Сулимэ, Абаазэ Маринэ сымэ зэрылажьэ методикэхэмрэ я кьалэн нэхъыщхьэхэмрэ кIэщIу щыгъуаз защIащ. Ахэр щылажьэ пэщхьэр зыхуэныкъуэ я кьыз эгъэпэща щыкIэрэ кьапщытэну я кьалэным хыхьэрт хьэщIэхэм. Нэрылъагъу пособие якIэпэми, иджырей компьютер технологие жьыхуэтIэхэми - мы еджапIэм щылажьэхэр сытми зэрыхуэIэкIуэльакIуэр нэрылъагъут. Еджэным кьыщыдэхуэ зэманым сабийхэр зыдгагъажьэ Iэпщlэльапщlэм щыгъуаз щыхуэхъуащ пэш хуитхэм кьыщыззэIуха выставкэ-гъэльэгъуэныгъэхэм. Директорым гъэсэныгъэмкIэ и кьуэдзэ Нэгъуей Мадинэ кьызэрыдиIамкIэ, школым щолажьэ кружок зыбжанэ. Абыхэм щрагъасэ сурэт ящыщ, щэкIыр хадыкIыу, бисерым хьэпшIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыхащIыкIыу, пхъэм Iэкlуэльакlуэу елэжьыру, адыгэ фащэ нэгъуэ нэ ядыфу. КIэщIу жыпIэмэ, мы еджапIэм сабийм и зэфIэкIым сыт и лъэныкъуэкIи зыщрагъэжьэ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивальым школым и лэжьакIуэ гупым хуагъэхьэзыра классщIыб лэжьыгъэшхуэр теухуат адыгэ Iуэрыlуатэм и пкыгъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ нарт эпосым. Абы и кьыз эгъэпэщакIуэхэм я мурадт нартхэм яхэлъа хьэл-щэн дахэхэр, я дуней тетыкIар, зыщIэхъуэпсар, я гурыщIэр, лыгъэр, хабзэнэмысыр зэрахэлъар еджакIуэхэм я мурадт нартхэм яхэлъа хьэл-щэн дахэхэм

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Полицэм и генерал-майор Васильев Сергей фIыщIэ тхыльрэ саугъэтрэ ирет «Нэмыс» балигъ мыхъуахэм я социально-реабилитацэ центрым и унафэщI Къардэн Адэлбий.

Гуапагъэрэ дэрэжэгъуэрэ

● Псапэ

Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ. Абы ирихьэлIэу Урысей МВД-м Налшык къалэм щыIэ и управленэм Къэрал киноконцерт гъэлъапIэу щригъэкIуэкIащ «Сабийхэрщ ди къэкIуэнур» псапащIэ Iуэхугъуэ.

КОНЦЕРТ залым щызэхуэсат псапащIэ Iуэхур зыхуэгъэпса сабий зеиншэхэр, унагъуэ хуэмышIахэм щапI цIыкIухэр, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я бынхэр, республикэм и интернатхэм я гъэсэн 300-м щIигъу. Шар зэмыфэгъухэр, хьэпшып гъэщIэгъуэн цIыкIухэр зыIэщIалъхьа, пэшым щитIысыкIа хьэщIэхэм ущыхэплъэкIэ, я нэгум кьрих дэрэжэгъуэмрэ гукъыдэжымрэ гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Кьыхэгъэпэщак Iуэхэм ахэр къыщIрагъэблэгъари дэрэжэгъуэрэ гухэхъуэрэ, гуапагъэрэ IэфIыгъэрэ зыхрагъэщIэн щхьэкIэщ.

- Дэ, балигъхэм, тхуэзфIэкI псори длэжьынущ гуапагъэрэ гулъытэкIэ фи гъащIэр гъэнщIауэ фыкъэтэджын папщIэ. - КъэкIуэнур зейр фэращ, физпэпльэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэр гъэщIэгъуэну, дахэу ефхьэкIыну си гуапэщ, - сабийхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ министрым. ФIыщIэ яхуищIащ гъащIэм и щытыкIэ гугъум къихута сабийхэм ядэлажьэ, абыхэм я гурыгъуегурыщIэхэр зыхэзыщIэ егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэм. - Фи лэжьыгъэ мытыншыр хьэлэлу зэрефхэхьыж папщIэ щIэщхуэ фхуэфащэщ, ди сабийхэр мамыру, насыпыфIэу псэун папщIэ тхуэзфIэкI къэдгъэнэнукъым.

Сабингъуэр хъумэным, къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIауэ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм жыджэру зэрадэлажьэм папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ абы яритащ сабийхэр щапI социальнэ Iуэхуэщапlэ зыбжанэм я унафэщIхэм.

ИтIанэпIалъэ Iэфlыгъэрэ гуапагъэрэ хуэныкъуэ сабийхэм сыт щыгъуи гулъытэ яхуэзыщI МВД-м фIыщIэ къыхуищIащ Нартан къуажэм дэт, сабий зеиншэхэмрэ адэанэм я нэIэм щIэмыту кьэна сабийхэмрэ щапI школ-интернат №5-м и унафэщI Алишанов АлисулътIан. «Фэ фщIэр мыхьэнэ, пщIэ зиIэ Iуэхугъуэ дахэщ»,- къыхигъэщащ абы.

Псапащ Iэ зэхьхьэм кьрихьэлIа къулыкъущIэхэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьынысъэхэмрэ хъыбарегъащIэ Iуэхуищапlэхэмкlэ и комитетым и унафэщI Хьэщхъуэжь Татьянэ.

Урысей Федерацэм Налшык къалэм щыIэ и УВД-м и унафэщI, полицэм и полковник ДышэкI Назир кьызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къэзылIэта творческэ гуп цIэрыIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, дипломхэр, уДз гъэгъахэмрэ IэфIыкIэхэмрэ яритащ.

Полицэм и лэжьакIуэхэм кьрагъэблэгъа сабийхэр гуапэуи ирагъэжьэжащ - ахэр щыщIэкIыжым псы IэфIрэ морожнэрэ хуагуэшащ.

УАРДЭ Жантинэ.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Иджы Самарэ къытполлъэ

«Уфа» (Уфа) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 1:0 (2:0). Уфа. «Динамо» стадион. Накъыгъэм и 25-м. Щыхуэ 2900-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Чернов (Мэзкуу), Шимарыгин (Сосновый Бор), Елеференкэ (Мэзкуу).

«Уфа»: Барановский, Аликин, Грачев, Тишкин, Засеев, Данилов, Киреев (Васильев, 46), Вильям, Сайтэ (Василенкэ, 77), Диегу, Заболотный (Маркосов, 84).

«Спартак-Налшык»: Коченков, Абазэ, Черныш-шов, Овсиенкэ (Багаев, 46), Суслов, Зинович, Руа, Буйтрагэ, Коронов (Аверьянов, 46), Сирадзе (Галин, 46). Гуэщокъуэ (Дорожкин, 65).

Топыр дигъэкIащ: Сайтэ, 45 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Чернышовым, Маркосовым, Зиновичэ.

«СПАРТАК-Налшыкым» и дежкIэ мы зэIущIэм зы мыхьэнэн иIэжтэкъым. Зэхъуэжьэхэр иухыным идкыбрэ зы джэгугъуэ иIэжу ди щIалэхэм ещанэ увыпIэр ящэ дивизионым щаубыдат икIи премьер-лигэм кIуэн папщIэ хьэрхуэрэгъуэ кьыхухъуэным адэкIи пэплъэ хьунут. Нагъбэ етIуанэ дивизионым кьыхэкIа «Уфа»-мы увыпIэ лъагэ иубыдакIэт икIи кьыдэщIыну къэкIуахэр игъэтгушхуэн фIэкIа нэгъуэщI кьалэн иIэтэкъым.

КьыхуэкъуэкIа Iэмалыр кьигъэсэбэпри, ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Шыпш Тимур и футболист нэхъыфI зыбжанэм заригъэзэпсэхуащ. Кьаплъщтэмэ, зэрыщыту ихьуэжащ гъуэщхьэхъуэмэхэр, куэд дыдэ кьытхуэзыщIа гъуащхьауэ Медведевми бэуэгъуэ иритащ.

Командэхэм зэIущIэр хуэсакъыпэуурэ ирагъэжьащ. Ахэр нэхьыбэу зыхущIэкъур я гъуэр зэрахъумэнырт. Арщхьэкlэ апхуэдэу екIуэкI хьунутэкъыми, хэгъэрейхэм зэрахабэзэу, «Уфа»-р ипэкIэ кIуэтащ. Аращ ящэ бгъэрыкIуэныгъэ лъэщри кьызэзыгъэпэщар: Даниловыр лъэщу щхьэкIэ зэуа топым Коченковыр пэлъэщащ.

АдэкIэ чэзур «Спартак-Налшыкым» кьыIыысащ. Ари кьыкIуэтыныхэм ящыщтэкъым. 45-нэ дакъикъэм Буйтрагэ хэгъэрейхэм я гъуэр хигъэщIэным зы мащIэ дыдэщ иIэжар, арщхьэкIэ «Уфа»-м и гъуащхьэтет Барановскэм и Iэзагъ лъагэр кьызэыкъуихри, топым кьригъэгъэзащ. Ар гущIыхьэ зыщIхуэ хьэщIэхэр зэщIэувыIыкIащ. Ар уфадэсхэм Iэзэу кьагъэсэбэпри, еБгъэрыкIуэныгъэ псынщIэ кьызэрагъэпэщащ икIи Японием кьраша я гъуащхьауэ Сайтэ Йосуке Зинович Дмитрий IэщIэкIри, топыр Коченковым щхьэпридзащ - 1:0.

Загьэпсэхуным и пэ кьихуэу топ кьызэрыхудатэкIам Шыпшыр игъэгубжьащ - мы зэIущIэм мыхьэнэ лъэпкъ имыIэжми, и щIалэхэр кьыхагъэщIэну ар хуейтэкъым. ЕтIуанэ Iыхьэм кьыщихьэжым абы футболистищ зэуэ ихьуэжащ. Абы къигъэльагъуэрт «Спартак-Налшыкыр» ерыщу зэребгъэрыкIуэнур. Апхуэдэуи къэхъуащ. Арщхьэкlэ куэдрэ зэгъэсэу кьымыхьэу «Уфа»-м пэщIагъэувахэр щIагъуэу зэгурыIуэртэкъыми, Iуэхум зыри кьикIакъым. Абы щыгъуэми хэгъэрейхэм бжыгъэр ягъэбэгъуэным мащIэ дыдэщ иIэжар - Карлос Диегэ зэуа топыр гъуэм и пкъом кьигъэльеижащ.

Арати, 1:0-у «Уфа»-р текIуэу зэIущIэр ихуащ. Абы и фIыгъэкIэ, хэгъэрейхэм еханэ увыпIэр яIыгъыу зэхьэзэхуэр нухащ. Абы ещанэ увыпIэр кьыщызыхьа «Спартак-Налшыкым» иящ къыпэщылъ премьер-лигэм хуэзышэ пэщIэуэ зэIущIэхэр. Накъыгъэм и 30-м Самарэ кьалэм абы ящэ джэгугъуэр щIыпIэ «Крылья Советов»-м щыригъэкIуэкIынущ, мэкъуаугъэгъуэм и 4-м Налшык ахэр етIуанэу щызэпэщIэуэвэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ящэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм кьрикIуар

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Урал»	32	19	11	2	61-18	68
2.	«Томь»	32	19	8	5	57-34	65
3.	«Спартак-Налшык»	32	15	8	9	32-27	53
4.	«СКА-Энергия»	32	13	13	6	36-26	52
5.	«Балтика»	32	14	8	10	40-33	50
6.	«Уфа»	32	13	9	10	31-30	48
7.	«Нефтехимик»	32	13	8	11	44-40	47
8.	«Сибирь»	32	12	9	11	34-38	45
9.	«Ротор»	32	11	8	13	27-26	41
10.	«Енисей»	32	9	12	11	30-31	39
11.	«Шинник»	32	9	12	11	28-33	39
12.	«Петротрест»	32	10	5	17	28-43	35
13.	«Салют»	32	8	11	13	25-31	35
14.	«Торпедо»	32	6	15	11	29-38	33
15.	«Металлург-Кузбасс»	32	8	6	18	19-40	30
16.	«Химки»	32	6	10	16	23-40	28
17.	«Волгарь»	32	5	11	16	23-39	26

● Футбол

● ЗэIущIэ нэужьыым

ШЫПШ Тимур,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Загьэпсэхуну Iэмал еттащ

- Мы зэIущIэм кьалэн зыбжанэ щыдиащ. Куэдрэ зэIущIэхэм кьыхэдмыгъэхуэф щIалэхэм я зэфIэкIыр дгъэунэхуащ, адрейхэм зедгъэгъэпсэхуащ. Футболым мыхьэнэшхуэ щIидзащ зыгурым ухущIэкъуным. Абыкlэ хэгъэрейхэм я мурадхэр нэхъ ину кьыщIэкIащ, дэ мы зэIущIэм зыри кьытхуихьыжыгъэкъым.

- «Уфа»-мкIэ зэхьэзэхуэр кьызIуфхащ, абыкlэ зэхуэфащIыжащ. Фи хьэрхуэрэгъуэм и зэфIэкIым абы лъандэрэ куэдкIэ зихьуэжауэ кьыщыхьурэ?

- Ар нэхъ зэщIэкъуа хъуащ, текIуэныгъэми зэрыхущIэкъу зэпытщ.

КОЛЫВАНОВ Игорь,
«Уфа»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Гум кьинэжьынущ

- Гуапэщ мыгъэрей зэхьэзэхуэр текIуэныгъэкIэ кьызэретхьэлIар. Ар гум кьинэжьынущ. Махуэ зыбгъупщI зыдгъэпсэхунуэр, кьыкIэлыкIуэ джэгугъуэм зыхуэгъэхьэзырыр щIэддзэнущ. Ар мыгъэрейм ефIэкIыну дыщогучъ.

- Фи хьэрхуэрэгъуэр джэгум и етIуанэ Iыхьэм ищIэ кIуэтэну фыщIэлъ?

- «Спартак-Налшыкым» зэхьэзэхуэм хьарзынэу дыщыгъуазэщ. Ар зэфIэкI лъагэ зиIэ гупщ икIи ауэ сытми кьызэримыкIуэнутыр тщIэрт. Ди щIалэхэм фIыщIэ кьалэжь, хьэрхуэрэгъу лъэщым хуэфэщэну зэрыпэщIэтам кьыхэкIыу.

ХЬЭТАУИслъам.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къабзагъэр ягъэнэхъапэ

Аруан районым и прокуратурэм кьыщыгъащ куейм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и Iуэхущапlэхэм щIыхуэхэм санитар-эпидемиологие щытыкIэ тэмэм кьахуэзгъэнэщыным теухуа законодательствэр зэрагъэзащIэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и законодательствэм ипкъ иткIэ, муниципальнэ щIыналъэхэм кIэрыхуэбжьэрыхуэхэм ехьэлIа Iуэхуэхэр щызэхуэзыгъакIуэр щIыпIэ самоуправленэм и Iэнатlэхэрщ.

«Предприятэхэмрэ унагъуэхэмрэ я кIэрыхуэбжьэрыхуэхэм я Iуэхуэкlэ», «Щыхуэхэм санитар-эпидемиологие щытыкIэ тэмэм кьахуэзгъэпэщащым и Iуэхуэкlэ» федеральнэ закониращ кьагъэуэ щыхуэхэм я узынщагъэм зэран хуэмыхуэу икIи санитар щащалъэхэм кьытIасэу мунципальнэ щIыналъэхэм апхуэдэ кIэрыхуэбжьэрыхуэхэр зэпымыуэу щагъэкъэбзэн хуейуэ.

Къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIым районым и кьуаэжэхэм кьыщаухащ пхъэнкIий идзыпIэ Iэрыщ1щэр.

Абы щыгъуэми, ахэр Iухьанымэ щIыпIэ администрацэхэр елIалIэркъым, атIэ дыкъэзыхуэхуэрейхь дунейр ирагъэущIэпI, уз зэрыщIалэхэр кьэхъеинымкIэ щыналъэ кьагъэхуэ.

КIэтыплъэныныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, куейм и прокуратурэм и кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм яхуитхащ пхъэнкIий идзыпIэ Iэрыщ1хэр агъэсеину, унагъуэ кIэрыхуэбжьэрыхуэхэр гъэкIуэдыным зэхуэдэу санитар щытыкIэ кьыхуэзгъэгъэпэщыну кьалэн ящызыщI тхыльхэр.

КьэщцынэмыщIауэ, щыхуэхэм я санитар-эпидемиологие зэIуэпэщцынныгъэм теухуа законодательствэр кьызэрызэпаудым кьыхэкIыну, район администрацэм и унафэщIхэм яхуэгъэзауэ административнэ Iуэху кьаIэтащ.

Зытхыжар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Фэеплъ

Мулид и гъащIэ мащIэр

ГъащIэм цыхур гъэунэхуплI куэдым ирегъэувэ: абыкlэ зэхигъэкIын хуэдэщ абы и лыгъэр, пэжагъыр, щыхуГъэр...

Щыхупсэ Iэджэ икъукIэ зэхэзедзэныщхуэ хьауэ щытащ Хэку зауэщхуэм и зэман гуащIэм. Сыт хуэдиз абы хэкIуэдар, я мурад кьабдзэхэр кьайхьулIэну хунэмысу? Бжыгъэншэщ. Мы тхыгъэр зытедухуа щIалэм кьикIуа гъуэгуанэр кIэщIт, ауэ гъуджэм кьищым хуэдэуи кьабдзэт.

ГЫНДЫГЪУ Мулид Шэмсэдин и кьуэр Альтуд кьуажэм щыщт. Курыт школми фIыуэ щеджат, бухгалтер Iэщагъэри Бахьсэн щызэригъэзыгъат, лэжьыгъэм и гур хуэкъабзэт. Арщхьэкlэ 1942 гъэм и мазаем ар дээм ираджащ кьулыкъу щищIэну. Ящэ щыкIэ Осетие Ищхьэрэм хьихь Беслъэн кьалэм яшащ. Иужькlэ, Орджоникидзе (иджы Владикавказщ) ягъэкIуащ.

Кьуэш нэхьыщIэ Гъумар и гукъэкIыж

Мулид здэщIыбэ зэ частым и штабым (Орджоникидзе) мызэ-мытIэу ди адэр кIуат, абы Iущат, епсэльат, ауэ зэман дэкIыу щытригъаэзэм, «Командиру едгъэджэну Куйбышев дгъэкIуащ», - кьыжраIащ. Дыкъэзыгъбжьат, мащIэуи дыгуэват. Арщхьэкlэ, мыгувэу письмо кьытхуэкIуащ. Мулид кьытхыгъат: «Псори тэмэмщ, Куйбышев кьалэ дэт дзэ училищэм дагъэкIуэтп, еджапIэр нэгъуэщI щыпIэ яхьауэ жаIэри, кьэдгъэзэжащ. Си кьулыкъум щыпIзощэ Орджоникидзе. Фымыгузавэ».

Апхуэдэу, 1942 гъэм и гъэмахуэм нэмыцIэр ди щыпIэм кьихьащ. ЩыщхьэIу мазэм Альтуд кьуажэр яубыдащ, кьыкIэлыкIуу Бахьсэн, Налшык... адэкIэ Орджоникидзе лъэныкъуэкIэ ягъэзащ.

Альтуд щыщ Хьэпэнчлыв Хьусен жиIэжахэм щыщ

- Гынды гъу Мулид Орджоникидзе, кьулыкъу щищIэ дзэ частым, сыщыIуащIауэ щытащ, уеблэмэ дыдэпсэльылIат, фошыгъуэр щIакъуэ Iыхьэкlи кьысуэупсат. КьыдзэрыдыгуэмкIэ, а зэманым ирихьэлIэу Мулид хьуманпIэм и унафэщIт, апхуэдэ тыгъэ абы кьыхучищIынуи щыхуэзэфIэкIар арат. Гуапэу дыдэбгъэдэсат, ауэ нужькlэ абы сэ сыхуэзэжакъым. Сытуи зауэ гущIэгъэунэшт! Фронтым Iутхэм кьытхуихуэрт махуитI-щыкIэ ерыскъы хуабэ щыдмышх, псыри кьыдэмэщIэкIырт. Хэжъуадэхэм я гугъу умыщIыхьэ.

Зауэм нэхъ и гуащIэгъуэм

1942 гъэм и кIэм, дыгъэгъаззэм, советыдзэм бийр Кавказ щыналъэм ирихужу щидзащ. Зи ныбжьыр илъэс 20 фIэкIа мыхьу Гындыгъу Мулиди яхэтт Орджоникидзе деж кьыщыщIэдзауэ ди хэкур хуэзыщIыжхэм. Нарткъалэ кьагъэкъэбзауэ, Бахьсэнкlэ дзэ плъыжьыр кьыкIуэцIрыкIырт. Бахьсэн хуит кьащIыжауэ кьалэм дэкIрэ пэт, биим и кхъухьлъатэхэм шэр кьрагъэльэлъэхыу хуежьащ. Мулидрэ и гъуса щыгухумрэ гум и лъабжьэм зыщIадзащ. Псори щызэтеувыIам кьалъэгъуащ Мулид уIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуэр. ЩIалэр зыщыщIыр ящIэртщ, щыгухум и пщэ дальхьащ икIэщIыпIэкIэ унэм иришэлIэжыну. Арщхьэкlэ ажалыр нэхъ псынщIэу кьызэрагъэпэщащ икIи Японием кьраша я гъуащхьауэ Сайтэ Йосуке Зинович Дмитрий IэщIэкIри, топыр Коченковым щхьэпридзащ - 1:0.

Загьэпсэхуным и пэ кьихуэу топ кьызэрыхудатэкIам Шыпшыр игъэгубжьащ - мы зэIущIэм мыхьэнэ лъэпкъ имыIэжми, и щIалэхэр кьыхагъэщIэну ар хуейтэкъым. ЕтIуанэ Iыхьэм кьыщихьэжым абы футболистищ зэуэ ихьуэжащ. Абы къигъэльагъуэрт «Спартак-Налшыкыр» ерыщу зэребгъэрыкIуэнур. Апхуэдэуи къэхъуащ. Арщхьэкlэ куэдрэ зэгъэсэу кьымыхьэу «Уфа»-м пэщIагъэувахэр щIагъуэу зэгурыIуэртэкъыми, Iуэхум зыри кьикIакъым. Абы щыгъуэми хэгъэрейхэм бжыгъэр ягъэбэгъуэным мащIэ дыдэщ иIэжар - Карлос Диегэ зэуа топыр гъуэм и пкъом кьигъэльеижащ.

Арати, 1:0-у «Уфа»-р текIуэу зэIущIэр ихуащ. Абы и фIыгъэкIэ, хэгъэрейхэм еханэ увыпIэр яIыгъыу зэхьэзэхуэр кьрахьэлIащ.

Ящэ дивизионым и иужьрей джэгугъуэм ирихьэлIэу зэхэмыкIауэ кьэнар ар зрагъэбгынэну етIуанэ командэрат. Ящэу ар зи натIэ хъуа «Волгарь»-м «Химки»-р эдиськъым. Буйтрагэ хэгъэрейхэм я гъуэр хигъэщIэным зы мащIэ дыдэщ иIэжар, арщхьэкlэ «Уфа»-м и гъуащхьэтет Барановскэм и Iэзагъ лъагэр кьызэыхуихри, топым кьригъэгъэзащ. Ар гущIыхьэ зыщIхуэ хьэщIэхэр зэщIэувыIыкIащ. Ар уфадэсхэм Iэзэу кьагъэсэбэпри, еБгъэрыкIуэныгъэ псынщIэ кьызэрагъэпэщащ икIи Японием кьраша я гъуащхьауэ Сайтэ Йосуке Зиновичэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэХЭмыкIуу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыгъэ секретарь), **Исэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замир, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Къыдзэгъэкlэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и гъуэгу, 5, ещIапlэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэ Iуэхущапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехьэ - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я нэжагъыныкIэ ахэр зытехьэм ирегъэжьа яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтекуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ щIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэзаэм и 16-м Печатым и хунтынигъэр хъумэныжкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ IуэхущапlэмкIэ №П-0065-м щIэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьыгъуэм елэмыхьащ: жэуап зыхь **секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редакторэ Текlуэ Зарет, корректорхэр Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заир** *(2, 3-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIыныкъуэгъэ Мыргэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэмсар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.121 ● Заказ №1287